

**POLITIK SOU EDIKASYON FONDAMANTAL**  
**Politik PPSD**

<b>Kwayans Jeneral</b>	<p>Komisyon Rejan Rhode Island lan te etabli Plan Edikasyon Debaz (BEP) antanke nòm ki garanti yon edikasyon minimal ki apwopriye pou tout elèv lekòl piblik Rhode Island yo epi asire mizannèv Estrateji Edikasyon Global Rhode Island nan. Komisyon Rejan Rhode Island nan te enkli nan BEP a yon egzijans ke tout distri lekòl piblik Rhode Island yo aplike Nòm Rhode Island yo pou Lidèchip Edikatif (RISEL) ak Nòm Ansèyman Pwofesyonèl Rhode Island la (RIPTS), yo chak etabli atant pou sèten nòm pou devlopman pwofesyonèl nan Rhode Island, planifikasyon, fidbak pou amelyorasyon pwofesè ak kontwòl livrezon yon pwogram etid ki garanti epi ki reyalizab pou tout elèv Rhode Island yo. Komisyon Lekòl Providence lan kwè ke nòm ki etabli pa BEP a, ki genyen ladan men pa limite ak nòm ki abòde pa mizannèv RISEL ak RIPS yo, dwe aplike nan Lekòl Piblik Providence yo pou avantaj elèv yo.</p>
<b>Objektif ak Kontèks</b>	<p>Objektif politik sa a se pou asire ke Depatman Lekòl Providence la respèkte BEP (RIDE) Depatman Edikasyon Rhode Island nan, jan sa amande epi aplikab detanzatan, ki genyen ladan men pa limite ak mizannèv RISEL, jan sa amande epi aplikab detanzantan, ak RIPS la, jan sa amande epi aplikab detanzantan.</p> <p>Etablisman BEP la, ki genyen ladan men pa limite ak RISEL ak RIPS, antanke yon nòm pèfòmans nan Lekòl Piblik Providence yo, ke Komisyon Lekòl Providence kwè pral ede asire ke aprantisaj elèv la pral dènye konsantrasyon devlopman politik la, alokasyon resous, atribisyon manm pèsonèl, ak evalyasyon manm pèsonèl ak evalyasyon pwogram nan.</p>
<b>Definisyon</b>	<p>Yo bay definisyon sa yo pou ede konprann politik sa a ak obligasyon legal Distri a.</p> <p><b>BEP:</b> Plan Edikasyon Debaz (BEP) antanke nòm ki garanti yon edikasyon minimal ki apwopriye pou tout elèv lekòl piblik Rhode Island yo epi asire mizannèv Estrateji Edikasyon Global Rhode Island nan</p> <p><b>RIPTS:</b> Nòm Ansèyman Pwofesyonèl Rhode Island nan (RIPTS) etabli sèten atant sou nòm Rhode Island yo pou devlopman pwofesyonèl, planifikasyon, fidbak pou amelyorasyon pwofesè ak kontwòl livrezon yon pwogram etid ki garanti epi ki reyalizab pou tout elèv Rhode Island yo</p>

	<b>RISEL:</b> Nòm Rhode Island pou Lidèchip Edikatif (RISEL) se yon egzijans BEP a ke tout distri lekòl piblik Rhode Island yo dwe reyalize
<b>Machaswiv ak Estrateji pou Mizannè</b>	Sipè-entandan an pral fè Depatman Lekòl Providence la adopte epi rèspekte konplètman BEP a, ki genyen ladan men pa limite ak RISEL ak RIPTS yo.  Sipè-entandan an pral asire ke tout dwa jesyon Depatman Lekòl Providence la estrikteman mentni nan tout pwosesis negosiyasyon kolektif la epi nan administrasyon tout kontra yo.
<b>Konfòmite avèk Lwa, Egzijans pou Konfidansyalite yo</b>	Sipè-entandan an pral asire ke tout anplwaye PPSD yo ak tout kontraktyèl PPSD yo respekte tout lwa, règ, ak règleman ki aplikab yo, epi avèk tout politik Komisyon an. Sizoka nenpòt nan pati nan nenpòt politik la ilegal, Sipè-entandan an pral deklare evènman sa a bay Komisyon an osito posib epi li pral mande Komisyon an pou fè yon modifikasyon nan politik la.
<b>Referans Legal</b>	R.I.G.L.- 16-7.1-2 - Responsablite pou Règleman Pwogram Edikasyon Fondamantal RIDE sou Pèfòmans Elèv la; Tit G, Ch 12-15. Komite Lekòl Pawtucket v. Pawtucket Teachers’ Alliance, 652 A.2d 970, 972 (R.I. 1995), “Nou te deklare klèman ke byenke lekòl la negosye anpil atik avèk anplwaye pwofesyonèl ak anplwaye non-pwofesyonèl sistèm nan, li pa ka negosye pouvwa ak responsablite legal yo.”  200-RICR-20-20-3
<b>Istorisite</b>	Apwouve pa Komisyon an: 1/24/11, 11/10/21 Amande: 9/21/21